



**Nan mwa Sektanm 2015, Leta New York ap voye lèt pou tout moun
Ki gen Medicaid nan yon pwogram ki rele Sistem
Livrezon Pwogram Refòm pou Ankouraje Peye (SLPRAP).**

Depatman Sante Leta New York ap voye lèt nan mwa Dawout ak Sektanm pou esplike chanjman nan sèvis sante. Leta New York ap fè chanjman nan jan sèvis yo ap bay, nan you pwogram ki rele Sistem Livrezon pwogram Refòm pou Ankouraje Peye, oubyen SLPRAP. **Plan Medicaid la pa chanje.**

Pou pwogram sa-a fonksyone, founisè swen sante yo ap gen pou yo travay ansanm pou fasilite tout moun-n kapab jwenn sèvis ke li bezwen. Li ta bon pou tout pasyan nan Leta New York yo ta pataje enfòmasyon sou sante yo ak swen ke yo resevwa. Enfòmasyon sa yo ap ede founisè swen sante yo pou ekilibre swen yo. Lèt Leta New York la se pou moun-n ki konsanti pou yo pataje enfòmasyon medical yo.

Moun-n yo gen dwa pou yo di ke yo pa vle enfòmasyon medical yo pataje. Pou yo ka fè sa, moun-n yo dwe swiv enstriksyon ki nan lèt la. Moun-n yo ap gen you premye dèlè 30 jou pou yo di si yo pa vle. **Si pa gen repons pou lèt sa-a, nan 30 jou, moun-n ki konsène ya ap konsidere kòm si li konsenti pou li pataje enfòmasyon medical li yo. Men, moun-n yo ap kapab refize nenpòt lè yo vle apre dèlè sa-a lè yap rele sant apèl SLPRAP la.**

Ki sa ki SLPRAP la?

SLPRAP fè pati you akò gouvènman federal-la ak Leta New York pou amelyore sèvis swen sante ak sante tout Nouyòkè san distenksyon. Daprè **SLPRAP**, founisè swen sante yo gen pou devwa pou yo reyini nan nouvo rezo ki rele Sistèm founisè pèfòmman (SFP). Pi fò nan SFP yo, se lopital, founisè sèvis kominotè, founisè swen espesyalize, ak òganizasyon debaz yo ki dirije yo. SFP yo pra-l kòmanse nouvo pwojè pou yo kapab rive reyalize objektif SLPRAP yo; epi, lajan ke yap resevwa ap baze sou akonplisman bon rezilta.

**Pa twò lontan ap gen you nimewo telefòn pou rele pou plis enfòmasyon sou lèt la.
enfòmasyon sa-a ap gen pou-l pibliye pi vit posib.**

Tanpri souple, visite www.medicaidmattersny.org pou plis enfòmasyon sou pwogram on the SLPRAP nan.

Prepare pou zafe Medicaid NY pa Latisha Gibbs de sante moun, Inc ; Anthony Feliciano de Komisyon nan system sante Piblik ak Judy Wessler.

www.medicaidmattersny.org | 518-463-1896 x124 | lkassel@medicaidmattersny.org